Зэпеуэ Іэмалыр къимыгъэсабзэпу муниципальнэ зэгурыIуэныгъэхэр зэрырищIылам, хьэрхуэрыгъэм и хабзэхэр къызэрызэпиудам къыхэкIыу, УФ-м и КоАП-м и 7.29-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэмкіэ, Щэджэм Ипщэ къуажэ администрацэм и Іэтащхьэм хуэгъэзауэ щIыналъэ прокуратурэм административнэ Іуэху къызэIуихащ. Абы хэплъэри, Гемуев Я. сом мин тхущIкIэ етхьэкIуащ.

КЪБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

● Гуфіэгъуэ зэхыхьэхэр

«Сэ сыадыгэщ!» - ар ину жызоІэ

Бэрэбч Хьэтіутіэ и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ колледжыр (унафэщІыр Пщыбий Светланэщ) сыт щыгъуи цІэрыІуэщ ирагъэкІуэкІ егъэджэныгъэ лэжьыгъэшхуэмкІэ, ягъэхьэзыр Іэщіагъэпіхэмкіэ. А Іуэхугъуэм къыдэкІуэу колледжым дапщэщи щокІуэкІ гъэсэныгъэм епха лэжьыгъэ купщІафІэхэри. ЩІалэгъуалэр адыгэм игъащІэми къыддекІуэкІ лъапІэныгъэхэм хуэущиныи, лъэпкъ гъэсэныгъэ яхэлъхьэным хуэгъэпсат колледжым иджыблагъэ щекІуэкІа гуфІэгъуэ зэхуэсыр. Ар епхат Адыгэхэм (шэрджэсхэм), Адыгэ фащэм я дунейпсо махуэхэр гъэлъапІэным.

«ХАБЗЭР Іэт, лъэпкъым къуэт!» къыхуеджэныгъэм щІэту екІуэкІа зэхыхьэм жыджэру хэтащ колледжым и студентхэр, абы адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж лэжьакІуэ пашэхэр, Іэнатіэм и унафэщІхэр. Ахэр псори щызэхуэсат еджапІэм и щІыбагъ пщІантІэшхуэм.

Гуфіэгъуэм екІуу къыхуэзрагъэпэщат а пщІантІэм и утыкушхуэр. Дэнэкіи ныплъагъурт «Дызэкъуэтмэ, дылъэщщі!», «Сэ сыадыгэщ, ар ину жызоІэ!», «Си бзэ - си псэ, си дунеі!», «Фарзщи, адыгагъэм фемыІусэ, ар псэунщ, бэуэхукІэ зы адыгэ», «Утыку зэрихьэр лъапэщи, къызэрикІыжыр напэщІ!», «Фифі фымыгъэпуд, фи Іей фымыгъэпщкІу», «Хабзэр лъэпкъым и набдзэщ» хэкупсэ къыхуеджэныгъэхэр, «Уи анэбзэр гъафІэ, Ар бгъэ дамэу щэщІ. Адэжь и жьэгу мафІэу, Тхуахъумам ар пэщІ», «Мы уэмрэ щІымрэ яку дэт адыгэр, Зэдэпсэуну хъуэхъур доІэт! Маржэ, адыгэхэ, фэ жыфІэрэй: Си лъэпкъ, си тхыдэр - си дунейщІ», «Адыгэ къафэ, Адыгэ къафэ, Адыгэм псэуэ иІэр уэращ. «Адыгэ щІыпІэ, Адыгэ уафэ», - ЖезыгъэІэжыр уи фащэращІ», «Гъагъэ, бжьыфІэ, си Адыгэ лъахэ, Гугъэ нэхуу уиІэр уэ къыбдрехьуж. БгъэІун уи цІэр зы зэман плъэкІащи, Ар ди гъащІэ хабзэ хэткІи ирехъужі» уэсэ сатырхэр.

Гуфіэгъуэ зэхуэсыр къызэІуахащ икІи ирагъэкІуэкІащ студент пашэхэу Къуэдз Аслъэнрэ Дэхъу Аидэрэ. Къызэхуэсахэм гуапэу екъуэхъуа нэужь, ахэр тепсэлъыхьащ Адыгэхэм, Адыгэ фащэм я дунейпсо махуэхэм я къекІуэкІам.

- ЩІыгум и ныбжьым ебгъапщэмэ, псэ зыІут дунейм епльытмэ, щІыхум къикІуа гъуэгур кІэщІ дыдэщ, тхыдэм и щапхъэхэмкІэ ар машІэщ. Алхуэдэу щытми, адыгэхэр тхыдэ гъэсэгъанэ кІыхь къэзыкІуа лъэпкъ уардэщ. Адыгэ-абхъаз-абазэ лъэпкъхэм я къекІуэкІыкІар зыдж еджагъэшхуэ куэдым къызэралъытэмкІэ, адыгэхэм я къежьапІэу убж хъунущ илъэс минитхукІэ узэІэбзэкІыжмэ щыІа Хьэт къэралыгъуэр. Ди лъэпкъыр езыр сыт щыгъуи зэрызэджажу щытар - адыгэщ, бзэуэ тІурылъри адыгэбзэщ; гъащІэ щІыкІэу, гъэпсыкІэу, дуней тетыкІэу, щІыху зэхущытыкІэу диІэм зэреджэр адыгагъэщ, адыгэ хабзэщ. Адыгэхэм къэткІуа илъэс мин бжыгъэ хъу гъащІэ гъэугум нэгъуэщІ лъэпкъхэм къытфІащуэр, ауридэжэу щытауэ тхыдэм цІэ куэд хэтщ. Нобэкіэ дэ дуней псом дыкъацІыхуу «адыгэ», «шэрджэс» псалъэхэмкІэ, - жаІащ абыхэм. - Адыгэхэр щопсэу Урысейм хыхьэ Адыгей, Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм, Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэм. Адыгэу Урысейм исыр мин 750-м нос. КъинэмыщІауэ, хамэ къэралхэм адыгэу щопсэу мелуаниблым щІигъу. Абыхэм я нэхъыбапІэр Тыркум щыІэщ, адыгэ щымащІэкъым Сирием, Мысырым, Иорданием, Къуэкіыпіэ Гъунэгъум и адрей къэралхэми, Балканым, Къуэкіыпіэ Европэм, Америкэм.

Аслъэнрэ Аидэрэ къызэхуэсахэр щыгъуазэ ящІащ адыгэхэм я лъэпкъ лІакъуэ 12-м. Абыхэм я цІэхэр: къабэрдей, натыхъуей, бесльэней, еджэрыкъуей, жаней, мэхъуэш, хьэтыкъуей, шапсыгъ, абазэхэ, адэмей, кІэмыргуей, бжьэдыгъу - зытет «вагъуэхэр» Іэтауэ яІыгът адыгэ фащэ екІуэхэр зыщыгъ еджакІуэхэм. Гуфіэгъуэм къэрихьэлІаэхэм ящыщ куэдым абдежым, дауи, ягу къэмыкІыжу къэнакъым лъэпкъ шэрджэс усакІуэ Бемырзэ Мухьэдин и къалэмыпэм къыпыкІа сатырхэр:

Адыгэ лъэпкъым и Іэпкълъэпкъ
пщыкІуті -
Адыгэ анэм и зэш бын гъуэзджэ,
Фэ адэжь хэкум вагъуэу фыщыпыдт,
Фыкъэзыпльагъуэр къывгъуапсэу
зэкІэ.

Адэкіэ псалъэмакъыр траухущ ди щІынальэм и щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэм я нэхъыщхьэ Іуащхьэмахуэ.

- ЖьакІэху хъужу Кавказ къуршым къыщхьэщытщ «Насыпым и Іуащхьэкіэ» зэджэ а бгыщхуэр. Зи дахагъэм уемыплъыф, жьыр щыкъабзэ, къыщІэж псыр хъущхъуэ Іуащхьэмахуэ дэкІыну емыхъуапсэ щымыІэми ярейц, - къыхагъэщырт студентхэм. - Ди хэку дыщэр я усыгъэхэм къыщагъэпъэгъуащ ди лъэпкъ усакІуэхэм я Іэдакъэщіэкіэхэм, ар фІыщІэу зыпльэгъуауэ щытахэу Пушкини Лермонтови, Толстойми, Грибоедовми.

КупщІафІэу, хьэлэмэту къызэрагъэпэщат зэхуэсыр. Абы щытепсэлъыхьащ адыгэхэм ди хабзэхэм, лъэпкъ фащэм, Іэщэ-фащэхэм, дуней псом щыцІэрыІуэ ди адыгэшым, щІыпІэ куэдым щызэльащІыса ди къафэхэм, лъэпкъыр адрейхэм къахэзыгъэщ нэгъуэщІ нэщэнэхэми. Апхуэдэу гупыитэншэ хъуакъым адыгэ Іэнэри. Адыгэхэр сыт хуэдэ лъэхъэни шхынкІэ жумарту, къэщІэкІэ фІыуэ зэрыщытари къыхагъэщащ. Махуэшхуэм къыхуэзрагъэпэща адыгэ шхыныгъуэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ къулейри а псалъэхэм я щыхьэтт. Махъсымэ, мэжаджэ, кхъуейжьапхъэ, джэдлыбжьэ, лыгъурлыбжьэ, джэшлыбжьэ, джэдыкІэрыпщ, щІакхъуэ зэтеуПІэщыкІ, хьэлыуэ, жэмыкуэ, пІастэ, нэгъуэщІ куэди щыплпагъурт студентхэм яуху адыгэ Іэнэхэм.

Махуэшхуэм зэтхэм я гукъыдэжьыр нэхъри къаІэтащ КъБКъУ-м уэрэдымкІэ и театр «Амикс» гупым, медколледжым и студентхэм ягъэззэщІа уэрэдхэм, къафэхэм, ахэр къыздэжа усэхэм. Куэдым гукъинэ ящыхъуащ Бейкъазы Тамерлан, Сатушы Инарэ, Атэщауэ Мадинэ, Амщокъуэ Амырхъан, Емзэгъ Исльан, Вэрыпі Эльмирэ, нэгъуэщІхэми ягъэззэщІа уэрэдзэмрэ къафэхэмрэ. Пльпкъым и щІыхьыр, и пщІэр зыІэт студентхэр зэхэщІэгъуэу къыздэжа усэхэр. Абыхэм я псалъэхэм гур хагъахъуэрт, илъэс мин куэд къэзыкІуа лъэпкъ уардэм уэзрыщыщым папщІэ пагагъэ къыпхалъхьэу. Гуфіэгъуэр зэхуащІыжащ махуэшхуэ джэгукІэ.

Адыгэхэм (шэрджэсхэм), Адыгэ фащэм я дунейпсо махуэхэр къызыхуэтыншэу къызэгъэпэщыным икІи екъэкІуэкІыным я зэфІэкІ ирахъэлІащ медколледжым и егъэджакІуэхэу Сорыкуэ Юлиерэ Къуэщыісокъуэ Зухрарэ. Гуфіэгъуэ зэхыхьэм абыхэм щагъэлъэгъуа лажьыгъэхэр, шэч хэмылъу, еджапІэм щекІуэкІ гъэсэныгъэ Іуэхухэм я зы Іыхьэ къудейуэ аращ. Лъэпкъым бгъэдэлъ псэкупсэ къулеягъым щІалэгъуалэр ешэлІэныкІэ, и хабзэр, тхыдэр нэхъри яфІэгъэщІэгъуэн хъунымкІэ апхуэдэ зэхыхьэхэм мыхьэнэшхуэ зэраІэм шэч хэлъхъэм. Адыгэ усакІуэшхуэ Бемырзэ Мухьэдин зэрыжиІащи,

Уи адэжьхэм я бзэм урипсалъэу,
Я хьыбарыжь Іущхэр уи пшынальэу,
Хьэхъум я нэхъыфІыр зыхьуагъэхьу,
Ху махъсымэ фальэр зэІэпыпхьу,
Зэ уадыгэну сыт и уасэ!
... Уи нэмыс, уи фащэ, уи джэгукІэм
Уи щІэблащІэ уардэр щыгуфІыкІыу,
УщІэпсальэр, уэрпсальэр пщІэжу,
Уи Хэку лъапІэр тыгъэкІэ бгъэпэжу,
Зэ уадыгэну сыт и уасэ!

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Фокіадэм и 27-м «Нарт Хэку» щІалэгъуалэ хасэм Профсоюзхэм Щэнхабзэмкіэ я уардэунэм къыщызэригъэпэщащ Адыгэ фащэм и дунейпсо махуэм трауху зэхыхьэ дахэ.

Нэхъ дахэ щыІэкъым

«ФАЩЭ гъэфІэж» зыфІаща а гуфІэгъуэ Іуэхум щагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ дэрбзэр Іэзэхэу Бэджокъуэ Беллэ, ДыщэкІ Радимэ, Мамий Земфирэ, Нэхущ Заремэ, Къуэдзокъуэ Иннэ, Боз Оксанэ, Хьурей Жаннэ, Цурмыт Руэаннэ, Дзыгъуанэ Анжелэ сымэ яда фащэхэр.

Лъэпкъым и набдзэ адыгэ фащэ зэкІужхэм псэр ягъэхъуапсэу, зым адрейр ефІэкІыжу дахэт. А псом хьэкъ пщащІыжырт, лІэщІыгъуэ бжыгъэ хъуауэ адыгэхэм къадэгъэуэгурыкІуэ фащэр Іэпкълъэпкъыр зыгъэдахэ фэильхьэгъуэ къудей мыхъуу, ди лъэпкъым илъэс мин бжыгъэкІэ къизэуа и нэмысым, щІыхьым щыщ Іыхьэ дахэу зэрыщытыр. А пщыхьэщхьэм утыкум къыгъэкІуэкІа чэзуэзэпэныхьым (флэшмобым) щытекІуэхэу Пэрыт Ирадэ, Щоджэн Дисанэ, Ажий Къантемыр сымэ. Абыхэм яхуэупсащ Нэхущ Чэрим и концертым зэрыкІуэну билетхэмкІэ.

Тыгъэхэр зыхуагъэфэщэхэм ахэр яритыжри, Нэхущ Чэрим къыхигъэщащ щІалэгъуалэм я жэрдэмым хуабжьу зэрыщыгуфІыкІыр, гушхуэныгъэ мыкІуэщІ къызэрыхилъхьэр.

«Нарт Хэкум» къыбгъэдэкІ фІыщІэ тхыльхэр «Фащэ гъэфІэж» зэхыхьэм гугъу дехьа псоми ираты жа иужькІэ, пшыхьым и кІэухыу къызэрагъэпэща джэгум къызэхуэсахэр я гуапэу хэтащ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

«Шыхэмрэ дамыгъэхэмрэ»

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

Црым Русланрэ Бещто Зэкирэ.

Фокіадэм и 28-м. Адыгэ фащэм и дунейпсо махуэм, Сэралъп Мадинэ и Арт-центрым къыщызэІуахащ ди лъэпкъэгъу Іэпэіэсэ Бещто Зэки и Іэдакъэщіэкіэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. «Шыхэмрэ дамыгъэхэмрэ» фІэщыгъэм щІэту.

БЕЩТО Зэки Тыркум щыпсэу адыгэхэм ящыщщ, Истамбыл дэт университетхэм я зым щэнхабзэмрэ модэмкІэ щрегъаджэ. Зэки и зэфІэкІи и къаруи лъэпкъ щэнхабзэм зегъэужьыным зэрыхилъхьэр нэрылъагъуц.

Абы и лэжьыгъэхэм адыгэ нагъыщэхэр щыкуэдщ, пасэрей хьэпшыпхэр иджырей гъащІэм гъэщІэгъуэну хеГъэзагъэ. Гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэІуаха махуэри аращ Адыгэ фащэм и дунейпсо махуэм щІрагъэхьэлІари.

Щоджэнцыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисткэ Тхьэщыгъуей Жаннэ выставкэр къызэІуихыу къызэхуэсахэм Зэки яригъэцІыхуа нэужь, ди лъэпкъэгъум и Іэдакъэщіэкіэхэм я гугъу ищІащ.

- Зэки адыгэшым хуиІэ лъагъуныгъэр мы выставкэм наІуэ тщещІ. АдыгэлІым и ныбжьэгъу пэжу сыт зэмани щыта адыгэшым абы и творчествэм уеІэ хэха щиубыдащ, - жиІащ Тхьэщыгъуейм.

- Лъэпкъым къыдекІуэкІ Іэщіагъэхэр зиІэ цІыху, абы хуей щысльагъуекІэ хуабжьу согуфІэ. Уримыгушхуэн плъэкІыркъым Зэки хуэдэ цІыху Іэпщіэлъапщіэхэр къызэрытхэкІам. Хуабжьу лажьыгъэ гугъущ, зэман куэди зытекІуадэщ ахэр. Зэки Тхьэр зэчий инкІэ къызэрыхуэупсар дэтхэнэ и зы лажьыгъэми уи фІэщ ящІ. Ди лъэпкъ Іэщіагъэр адыгэхэм я мызакъуэу, адрейхэми ебгъэлъагъуфыну зэфІэкІ Тхьэм къуит. Дуней псом цІэрыІуэ ущыхъуну ди гуапэщ, - жиІащ «Адыгэ унэ» тыкуэн-музейр зей Іутіыж Мэжид.

Бещто Зэки и зэфІэкІыр зэрылъагэр къыхигъэщри, дяпэкІи ефІэкІуэну екъуэхъуащ композитор цІэрыІуэ ХьэІупэ Джабрэіил.

Гъэлъэгъуэныгъэр щекІуэкІ пэшым и кум пхъэм къыхэщІыкІа шы льагэ итт, и пкъыр тхьипхъэщІыпхъэхэмкІэ гъэщІэгъуэну гъэдахауэ. Псом хуэмыдэу узыІэпашэрт щэкІ бзыхьэхуэ цІыкІуэм къыхэщІыкІауэ шым и теплъэр къызызтещ сурэтхэм. Лъэпкъ дамыгъэхэми увыпІэ хэха щаубыдащ Зэки и выставкэм. Фэм къыхэгъэсыкІа лъэпкъ дамыгъэхэр зэрыт сурэтым абы къекІуэлІахэм щхьэж езым ейр къыщилъыхъуэрт. А псом къищынэмыщІауэ, Зэки утыку кърихьат бзылъхуГъэм зэрызигъэдахэ хьэпшыпхэр - Іэпъынхэр, Іэпщэхъухэр, ваКъэхэмрэ чысэхэмрэ, дэтхэнэми екІупс адыгэ нагъыщэхэр якІэрылъу. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, абы и дэтхэнэ Іэдакъэщіэкіми щынэрылъагъущ и лъэпкъым хуиІэ лъагъуныгъэр.

Уи гуапэ мыхъуу къанэртэкъым, ди лъэпкъэгъум и Іэхэр адаІыгъын, и пшыхьыр хуагъэдэхэн мурадкІэ адыгэ фащэкІэ хуэпа щІалэгъуалэ куэд абы къызэрекІуэлІар. Пшыхьыр иуха иужькІи цІыхухэр хэкІуэтэху зэбгрыкІыжакъым - абыхэм къытрагъэзэжурэ зэпаплъыхьырт щІагъыбзэ куу зыщІэлъ хьэпшыпхэмрэ сурэтхэмрэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Гъуэгу щIэдзапIэ

Сэралъп Лалинэ япэ йощ

Тенджыз ФIыцIэм и Iуфэм Iут Геленджик къалэм студентхэм папщIэ щауху спорт-узыншагъэр щрагъэфIакIуэ «Лэгъупыкъу» («Радуга») центрым иджыблагъэ щекIуэкIащ дизайнер, модельер ныбжьыщIэхэм я дунейпсо зэпеуэ. «ПОДИУМ» фIэщыгъэр зиIа зэхьэзэхуэм екъулIэныгъэ яIэу хэтащ КъБКъУ-м Архитектурэмкl, ухуэныгъэмрэ дизайнымкIэ и институтым дизайнымкIэ и колледжым щеджэхэр. Абыкlэ хъыбар къыдигъэщIащ университетым и пресс-Iэнатlэм и лэжьакIуэ Солгаловэ Наталье.

Я ЗЭФIэкIхэр игъэльэгъуэн мурадкIэ зэпеуэм зыкъраГъэхьэлат ди къэралым, нэгъуэщI щIыналъхэм щыщ дзрбзэр ныбжьыщIэхэм. Абыхэм яхэтт ди хэкум щыIэ къалэ 20-м - Владикавказ къыщыщIдзауэ Новосибирск нэс - я лIыкIуэхэр. Апхуэдэу зэхьэзэхуэм и утыку кьихьащ Цхинвал (Осетие Ипщэ Республикэ), Луганск (Луганск Лъэпкъ Республикэ), нэгъуэщI хамэ къэралхэми я IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэр. КъБКъУ-м икIа гупым хэтащ студентхэу Ушар Саинэ, Сэралъп Лалинэ, ЛIуп Марианнэ, Глашевэ ФатIимэт сымэ.

Зэхьэзэхуэм кърахьэлIа лэжьыгъэхэм набдзэгубдзаплIэу хэплъащ щыгъыным и дизайнымкIэ щIэрыIуэ IэщIагъэлIхэр зыхэт къэпщытакIуэхэр. Ди гуапэ зэрыхъущи, ди пщащхэм я мастэпэм къыпыкIа щыгъынхэм пщIэшхуэ щагъэтащ зэпеуэм. Сэралъп Лалинэ ида фэилъхьэгъуэхэм, «4+1» зыфIищахэм, «Прет-а-порте» унэтIныныгъэм япэ увыпIэр къыщыхуагъэфэщащ. Ушар Саинэ и «Гъэмахуэр идогъэжьэж» щыгъын гупыр «Дебют» унэтIныныгъэм етIуанэ щыхьащ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым кьикIа дарбэзр ныбжьыщIэхэм ягъэльэгъуэ фэилъхьэгъуэхэр куэдым хьэлэмэт къытщыхъуащ. ЖыпIэнурамэ, а пщащхэм я IэдакъэщIэкIхэр зэпеуэм щIэуэ къытхуэзIуиха напэкIуэцI телъыджэт, - жиIащ къэпщытакIуэ гупым и унафэщI Хилькевич Александр, зэпеуэм кърикIуахэм щытепсэлъыхьыжьым.

Зыхуеджэ IэщIагъэм и хъер зыльэгъуа ныбжьыщIэхэм дохъуэхъу апхуэдэу текIуэныгъэ куэд дяпэкIи зыIэрагъэхьэну.

КЪАРДЭН Маритэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

ЗэхьэлIэгъуэ мини 2-м щIигъу

КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэм кIэлъыплъыныкIэ и Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэхэм «Iущхъэ» Iуэхум хиубыдэу Налшык къалэм щаубыдащ илъэс 37-рэ зи ныбжь, щIыпIэм щыпсэу цIыхухъур. Ар къыщIащым къытрахащ «гашиш» наркотикхэкI.

ЯУБЫДАМ къищта фэтэрыр щыщIащыкIым кагъэутащ гашиш грамм 420-рэ, гранатэм ещхь хьэпшып, пIэтIронхэр зыщIыгъу щакIуэ фоч.

Хабзэхъумэхэм къызэратымкIэ, къытраха наркотикхэр зэхьэлIэгъуэ мини 2-м щIегъу, «бэзэр щхуэхэм» сом мин 750-рэ щиуасэу.

ЦIыхухъум ехьэлIа уголовнэ Iуэху къаIэтащ, следствэ Iуэхухэр ирагъэкIуэкI.

Къалъыхъуэ

Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ Управленэм къелъыхъуэ УФ-м и Уголовнэ кодексым и 199-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэр илэжьауэ шэч зыхуащI **Ажахъуэ Сафудин Машэ и къуэр**, 1972 гъэм къалъхуар, мы зэманым хабзэхъумэхэм зыщцзыгъэпщкIур.

Ажахъуэ Сафудин Машэ и къуэр здэщыIэр уэбыхуныкIэ сэбэп хъуну хъыбар гуэр фщIэмэ, дыныволъэIу фыкъэпсэльэну мы телефонхэмкIэ: (8662) 49-46-02, 74-07-33, 42-35-92, 02, е полицэм и къудамэ нэхъ фпэгъунэгъуэм зыхуэвгъаззми хъунущ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Узыншагъэ

Республикэ клиникэ сымаджэщым Лъынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ и щIыналъэ центрым операцэ гугъу щрагъэкIуэкIащ.

Дохутырхэм я зэфIэкI

НЕВРОЛОГИЕ къудамэм щIэлъ сымаджэм и узыншагъэр къыщапщытэм, и гъащIэмкIэ шынагъуэ зиIэ узыфитI къахутащ: щхьэ кIуцIым екIуалIэ лъынтхуэхэм ящыщ зыр зэпычат, пщэм ирикIуэ лъынтхуэхэм щэ тыкъыр цIыкIухэр кIэрищIат. Операцэ хэмыту Iэхур зэфIэкIынтэкъым, ауэ зырызу абы и ужь уихьэнри шынагъуэт. Абы къыхэкIыу, дохутырхэр зэчэнджэщыжри, зы операцэкIэ зэфIагъэкIащ.

Операцэ ящIа сымаджэр, Эльбрус куажэм щыщ Байдаев Хьэмзэт, етIуанэ махуэм къэтэджащ икIи и закъуэу къикIухьащ. «Си щытыкIэр хъарзынэщ, дохутырхэм фIыщIэ яхузощI», - жиIащ абы.

Операцэр ирагъэкIуэкIащ Склифосовскэм и цIэр зезыхьэ, Нейрохирургиемкlэ щIэныгъэкъэхутакIуэ институтым и нейрохирургие къудамэ №21-м и унафэщI Лукьянчиков Виктор, Лъынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ центрым и унафэщI Къуэжей Заур, дохутыр-нейрохирург Хасаов Руслан, дохутыр-анестезиолог Гекиевэ Жаннэ сымэ.

Къуэжей Заур зэрыжиIэмкIэ, Лъынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ центрым къиужьрей илъэсхэм екъулIэныгъэхэр яIэу операцэ гугъуэхэр щащI, ауэ иджырейм хузэ щытыкIэхахэр куэдрэ ирихьэлIа-ри.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр



Мы сурэтыр 1966 гъэм «Moscow News» газетым традзащ. Я кум дэтыр Бахъсэн районым и унафэщI Къущхьэ Гъумаршэ. *Сурэтыр* **Харлампиев Михаил** *трихащ.*

И пIалъэр къэмысу лейтенант нэхъыжь цIэр къыфIащ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ, дуней псом тIэунейрэ и чемпион Ласицкене Марие

Урысей Федерацэм зыхъумэжныгъэмкIэ и министрым Iэ щIидзащ Ласицкене Марие и пIалъэр къэмысу лейтенант нэхъыжь цIэр къыззрыфIащамкIэ унафэм.

Дуней псом тIэунейрэ и чемпион Ласицкене апхуэдэуи щытекIуащ «Бриллиантовая лига-2017» зэхьэзэхуэм и финалым. Мы гъэм зыхэта зэпеуэ псоми абы бжьыпэр щиубыдащ.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

● ПщIэ

● Дзюдо

Урысейпсо зэхьэзэхуэм ирагъэблагъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым дзюдомкIэ и федерацэм и президент Емкъуж Мухьэмэд хъыбар къыззрыдитэщIамкIэ, Грозэнэ къалэм мы махуэхэм щекIуэкIа, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм и зэхьэзэхуэм КъБР-м и дзюдоистхэм медаль зэмылIэужьыгъуэу 8 къыщахьащ.

ШэщэныМ и къалащхьэм дзт «Олимпийский» спорт комплексым и алэрыбгъуэ щызэхуэсат илъэс 18-м зи ныбжьыр щIимыгъуа, КИФЩI-м и щыпIэ псоми кьикIа ныбжьыщIэ 600-м щIигъу.

ИригъэкIуэкIа зэпэщIэтыныгъэ гуащIэхэм псоми текIуэныгъэ щызыIэригъэхьащ зи хьэпIагъыр кипрограмм 70-м нэблагъэ Кабловэ Миланэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыри зы дыщэ медаль къыхуихьащ килограмм 90-м нэблагъэхэм я гупым щыбанэ Шырыт Астемыр.

ЩIыналъэ зэхьэзэхуэм дыжьын медалхэр къащIэрыхьащ Мэтай Даринэрэ (кг 40) Балъкъыз Алихъанрэ (кг 73-рэ). Ещанэ увыпIэхэр зыIэрагъэхьащ Шормэн Элеонорэ (кг 40), Уздеков Алим (кг 60), Кьардэн Ренат (кг 66-рэ), Касумов Ренат (кг 81-рэ) сымэ.

«Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм и зэпеуэм щытекIуахэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ Iэмал ягъуэтащ щэкIуэгъуэм и 5 - 10-хэм ЯлтэкIа къалэм щекIуэкIыну урысейпсо зэхьэзэхуэм хэтыну», - жиIащ Емкъуж Мухьэмэд.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Шыбзыхъуэ Алинэ текIуэ

● Шахматхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым шахматхэмкIэ зэхьэзэхуэхэм Аруан щIыналъэм щыщхэр нэхъыпэм куэдрэ щытекIуахьым. Иджыблагъэ ар хуэзфIэкIащ Шыбзыхъуэ Алинэ. Ар щынэхъыфIащ ныбжьыщIэхэм я республикэпсо чемпионатым.

НАРТКЪАЛЭ дэт курыт еджапIэ №3-м и еханэ классым щIэс Шыбзыхъуэ Алинэ нэгъабэ ещанэ увыпIэр щиубыдащ зи ныбжьыр илъэс пщыкIутху мыхъуахэм ирагъэкIуэкIа республикэ чемпионатым. Мы гъэм псоми ефIэкIыфащ.

ЩIэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт «Лэгъупыкъу» центрым Алинэ шахматхэм щыхуегъаса тренер-егъэджакIуэ Бахъуэ Мухьэмэд. Абы и иужьрей текIуэныгъэм куэд дыдэ щыгуфIыкIащ. Къапщтэмэ, ар щеджэ школым и унафэщI Хьэмыз Суфян еджакIуэхэр линейкэм щызэхуишэри, Шыбзыхъуэм и дыщэ медалымрэ грамотэмрэ гуфIэгъуэ щыгъыкIэм иту Iэрихьэжащ икIи псоми къабгъэдэкIыу гуапэу ехъуэхъуащ.

- Алинэ ебланэ классым щIэсщ икIи фIы дыдэу йоджа, - къыжиIащ Хьэмызым. - ЯIэ иригъэщ предметыр, дауи, математикэращ - абы Iэмал къует кууэу угупсысэну. Ди хъыджэбзым и текIуэныгъэм зэрышколу дрогушхуэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым шахматхэмкIэ зэфIэкI зиIэ и ныбжьыщIэхэм иджыри зы къаухъуащ. Адэкlэ псори зэлъытыжар езыраш. Шыбзыхъуэм и тренерым зэрыжиIэмкIэ, иджыпстукIэ абы и къалэн нэхъыщхьэр Урысей Федерацэм спортымкIэ и мастерым и кандидатым и мардзэхэр гъэзэщIэнырщ. Ар Iуэху тыншкъым икIи куажбэу гугъу узыдехьыпхьащ. Арщхьэкlэ Алинэ лъэпощхьэпохэм къапикIуэту есакъым икIи текIуэныгъэм сыт щыгъуи щIэбэныну и мурадщ. Апхуэдэ ерыщащ къыхилъхьащ район военкоматым щылажьэ и адэ Шыбзыхъуэ Инал. Абыи шахматхэр зыхилъхьэ щIэзэкъым, ауэ иджы Алинэ къыщыхигъащIэр нэхъыбэрэщ. Адрей ипхъу нэхъыщIэхэри и къуэри а спорт лIэужьыгъуэм дехьэх. Хэт ищIэн, абыхэмэ, Алинэ хуэдэу, чемпионхэр къахэкIынкIэ хъунщ.

ТЕМЫР Дисанэ.

Жьы хъуа унэхэр ирах

Кхъахэ хъуа унэхэм щыпсэухэр къыщIэгъэIэпхъукIыным теухуауэ 2013 гъэм къащта къэрал программэм и пIалъэр мы илъэсым йокI.

АР ЗЭРАГЪЭПсЭжьА зэманым кьриубыдэу Iуэхугъуэ мащIи щызэфахакъым ди республикэм. 2017 гъэр икIыуе иджыри унэ 95-рэ зыхуэй хуагъэззэну къапэщытщ.

Унэ кхъахэ нэхъыбэ, къапщтэмэ, тетщ Малокъэбэрдей, Нэхущым, КIыщокъуэм, Чеховым я уэрамхэм. Программэр зэрагъэлэжьа пIалъэм кьриубыдэу къэуэнкIэ шынагъуэ унэхэм щыпсэуа унагъуэ 589-м псэупIэщIэхэр ираташ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Жэпуэгъуэ мазэм екIуэкIыну зэIущIэхэр

● Футбол

Урысей Федерацэм и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гуп

ЕпщыкIутIанэ джэгугъуэ
Жэпуэгъуэм и 6
(мэрем)
«Кубань-2» (Краснодар) - «Динамо-Ставрополь» (Ставрополь)
Жэпуэгъуэм и 7
(щэбэт)
«Спартак-Владикавказ» (Владикавказ) - «IэфIыпс» (IэфIыпс)
«Армавир» (Армавир) - «Биолог-Новокубанск» (Прогресс)
«Анжи-2» (Махъэчкъалэ) - «Ангушт» (Нэзрэн)
«Черноморец» (Новороссийск) - «Краснодар-2» (Краснодар)
«Дружба» (Мейкьуапэ) - СКА (Дон Iус Ростов)
«Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык)
«Академия» (Дон Iус Ростов) - «Чайка» (Песчанокопское)

ЕпщыкIущанэ джэгугъуэ
Жэпуэгъуэм и 11
(бэрэжьей)
«Биолог-Новокубанск» - «Академия»
«Легион Динамо» (Мэхъэчкъалэ) - «Армавир»
«Чайка» - «Кубань-2»
«Ангушт» - «IэфIыпс»
«Краснодар-2» - «Дружба»
«Спартак-Налшык» - «Анжи-2»
СКА - «Мэшыкъуэ-КМВ»
«Динамо-Ставрополь» - «Черноморец»

ЕпщыкIупIанэ джэгугъуэ
Жэпуэгъуэм и 15
(тхьэмахуэ)
«Академия» - «Легион Динамо»
«Армавир» - «Спартак-Владикавказ»
«Кубань-2» - «Биолог-Новокубанск»
«IэфIыпс» - «Спартак-Налшык»
«Черноморец» - «Дружба»
«Анжи-2» - СКА
«Мэшыкъуэ-КМВ» - «Краснодар-2»
«Чайка»

Урысей Федерацэм и кубок. Финалым и 1/8-нэ Iыхьэ
Жэпуэгъуэм и 25
(бэрэжьей)
«Спартак» (Мэскуу) - «Спартак-Налшык»

ЕпщыкIуханэ джэгугъуэ
Жэпуэгъуэм и 28
(щэбэт)
«Академия» - «Ангушт»
«Кубань-2» - «Спартак-Владикавказ»
«IэфIыпс» - «Краснодар-2»
«Черноморец» - «Мэшыкъуэ-КМВ»
«Анжи-2» - «Дружба»
«Чайка» - «Биолог-Новокубанск»
«Динамо-Ставрополь» - «Легион Динамо»
Жэпуэгъуэм и 19
(тхьэмахуэ)
«Армавир» - «Спартак-Налшык»

Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионат
ТIощIрэ еянэ джэгугъуэ
Жэпуэгъуэм и 7
(щэбэт)
«Керт» (Къэхъун) - «Автозапчасть» (Бахъсэн)
«ХьэтIохъущыкъуей» (ХьэтIохъущыкъуей)
- «Прохладнэ» (Прохладнэ)
«Налшык» (Налшык) - «Жулдуз» (Хьэсэнай)
«Бедик» (Аргудан) - «Псыкуэд» (Псыкуэд)
Жэпуэгъуэм и 8
(тхьэмахуэ)
«Нарт» (Нарткъалэ) - «Бахъсэн» (Бахъсэн)
«ЛогоВАЗ» (Бабугент) - «Къундетей» (Шэджэм)
«Псыгуэнсу» (Псыгуэнсу) - «Родник» (Псынэдахэ)
«Тэрч» (Тэрч) - «Союз» (Сэрмакъ)

ТIощIрэ ебгъуанэ джэгугъуэ
Жэпуэгъуэм и 14
(щэбэт)
«Къундетей» - «Союз»
«Автозапчасть» - «Тэрч»
«Псыкуэд» - «Налшык»
«Нарт» - «Прохладнэ»
Жэпуэгъуэм и 15
(тхьэмахуэ)
«Родник» - «Бедик»
«Жулдуз» - «Керт»
«Бахъсэн» - «Псыгуэнсу»
«ЛогоВАЗ» - «ХьэтIохъущыкъуей»

ЕщэщIанэ джэгугъуэ
Жэпуэгъуэм и 21
(щэбэт)
«ХьэтIохъущыкъуей» - «Нарт»
«Къундетей» - «Автозапчасть»
«Жулдуз» - «Союз»
«Прохладнэ» - «Бедик»
Жэпуэгъуэм и 22
(тхьэмахуэ)
«Псыкуэд» - «Тэрч»
«Псыгуэнсу» - «ЛогоВАЗ»
«Керт» - «Родник»
«Налшык» - «Бахъсэн»

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхьы секретарь), **Кьардэн Маритэ, НэщIэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ1 Иэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакторэ нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыдэгъэдзэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактору* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тradзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.417 ● Заказ №1247